yàlla rëbb na Yahuud yi ak Nasaraan yi, ndax dañoo jàppe seen bàmmeeli Yonnente yi ay jàkka

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne : Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ci feebaram ba nga xam ne ca la faatoo: "yàlla rëbb na Yahuud yi ak Nasaraan yi, ndax dañoo jàppe seen bàmmeeli Yonnente yi ay jàkka" nee na: bu dul woon loolu kon dinaa fésal bàmmeelam, waaye moom dafa ragal ñu jàppe ko jàkka.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Aysatu yaayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm day xibaare ne, Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc wax na ci feebaram bi nga xam ne dafa tar ci moom, te mu faatu ca: Yàlla rëbb na Yahuud yi ak Nasaraan yi, dàq leen ci yërmàndeem; li waral loolu mooy ne ñoom dañoo jàppe seen bàmmeeli Yonente ya ay jàkka, ci di tabax ca kawam walla di fa julli walla di julli jëm ca. Aysatu daal di wax ne: bu dul woon tere googu ak àrtu googu bawoo ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ak ragalug Sahaaba yi ci ñu def ci bàmmeelu Yonente bi kem li Yahuud yi ak Nasaraan yi def ci bàmmeeli seen Yonente yi kon dinaa fésal bàmmeelam ba mu feeñ.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5379